

BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen kont epatit B:

Sa Ou Dwe Konnen

Many Vaccine Information Statements are
Haitian Creole and other languages.
See www.immunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo
disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang.
Ale sou sitwèb www.immunize.org/vis

1. Pou kisa pou mwen vaksinen?

Vaksen kont epatit B an ka anpeche **epatit B**.

Epatit B se yon maladi fwa ki ka lakòz yon maladi lejè ki dire kèk semèn, oswa li ka abouti nan yon maladi grav ki dire tout lavi.

- **Epatit B grav** se yon maladi dire kout ki ka lakòz lafyèv, fatig, pèt apeti, kèplen, vomisman, lajònis (po oswa je jòn, pipi fonse, pou pou ki gen koulè ajil), epi doulè nan misk yo, jwenti yo, ak nan vant.
- **Epatit B kwonik** lan se yon maladi dire long ki rive lè viris epatit B an rete nan kò yon moun. Pifò moun ki vin devlope epatit B kwonik pa gen sentòm, men li trè grav kanmenm epi li kapab lakòz domaj nan fwa (siwoz), kansè nan fwa, epi lanmò. Moun ki gen enfeksyon kwonik kapab simaye viris epatit B an bay lòt moun, menm si yo pa santi yo malad oswa menm si yo pa sanble yo malad.

Epatit B simaye lè san, dechaj, oubyen lòt likid nan kò a ki enfekte avèk viris epatit B a antre nan kò yon moun ki pa enfekte. Moun ka vin enfekte nan:

- Nesans (si yon moun ansent gen epatit B, tibebe a ka vin enfekte)
- Pataje atik tankou razwa oubyen bwòsadan avèk yon moun ki enfekte
- Kontak avèk san oubyen yon maleng ouvè lakay yon moun ki enfekte
- Relasyon seksyèl avèk yon patnè ki enfekte
- Pataje zegwi, sereng, oubyen lòt ekipman pou pran piki dwòg
- Ekspozisyon a san ki nan zegwi oubyen lòt zouti ki file

Pifò moun ki vaksinen avèk vaksen kont epatit B pwoteje pou lavi.

2. Vaksen kont epatit B

Yo bay vaksen kont epatit B anjeneral nan 2, 3, oswa 4 piki.

Tibebe yo dwe resevwa premye dòz vaksen kont epatit B yo a nan nesans, epi dabitid yo fini ak seri a nan laj 6–18 mwa. **Dòz nesans vaksen kont epatit B an se yon eleman enpòtan nan prevansyon maladi dire long kay tibebe ak nan pwopagasyon epatit B an Ozetazini.**

Nenpòt moun **ki gen laj 59 lane oswa pi piti** ki poko pran vaksen an ta dwe vaksinen.

Yo rekòmande vaksinasyon kont epatit B pou **granmoun ki gen 60 lane oswa plis** ki gen plis risk pou yo ekspoze ak epatit B ki pa te vaksinen oparavan. **Granmoun ki gen laj 60 lane oswa plis** ki pa gen plis risk epi ki pa te vaksinen lontan gendwa vaksinen tou.

Yo ka bay vaksen kont epatit B an kòm yon vaksen otonòm, oswa kòm yon pati nan yon vaksen konbine (yon tip vaksen ki melanje plis pase yon sèl vaksen nan yon grenn piki).

Yo ka bay vaksen kont epatit B an anmenmtan avèk lòt vaksen yo.

3. Pale avèk founisè swen sante ou

Fè founisè vaksinasyon ou an konnen si moun k ap pran vaksen an:

- Te gen yon **reyaksyon alèjik apre yon dòz anvan sa ak vaksen kont epatit B**, oswa si li te gen nenpòt **alèji grav ki mete lavi an danje**

Nan kèk ka, founisè swen sante ou ka deside ranvwaye vaksinasyon kont epatit B an jiska yon pwochen vizit.



**U.S. Department of
Health and Human Services**
Centers for Disease
Control and Prevention

Moun ki ansent oswa k ap bay tete ki pa te vaksinen oparavan ta dwe vaksinen. Gwosès oswa alètman matènèl se pa rezon pou evite vaksinasyon kont epatit B an.

Moun ki gen ti maladi, tankou rim, ka pran vaksen an. Moun ki malad yon fason modere oswa yon fason grav dwe òdinèman rete tann jiskaske yo refè anvan yo pran vaksen kont epatit B an.

Founisè swen sante w la kapab ba ou plis enfòmasyon.

4. Risk pou yon reyaksyon ak vaksen an

- Doulè nan kote yo bay piki a, lafyèv, maltèt, ak fatig (sansasyon fatig) ka rive apre vaksinasyon kont epatit B.

Pafwa moun endispozè apre pwosedi medikal, apre yon vaksen tou. Fè founisè swen ou konnen si ou santi toudisman, oswa ou gen chanjman nan vizyon oswa si zòrèy ou ap boudonnen.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans ki piti anpil pou yon vaksen lakòz yon reyaksyon alèjik grav, lòt chòk grav oswa lanmò.

5. E si gen yon pwoblèm grav?

Yon reyaksyon alèjik ka rive apre moun ki pran vaksen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyaksyon alèjik grav (itikè, anflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij oswa feblès) rele **9-1-1** ak mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Pou lòt siy ki enkyete ou, rele founisè swen sante ou.

Yo dwe rapòte reyaksyon negatif yo nan Sistèm Rapò sou Efè Endezirab Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Òdinèman, founisè swen sante ou ap fè rapò sa a, oswa ou ka fè li oumenm. Ale sou sitwèb VAERS la nan www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. VAERS se pou rapòte reyaksyon yo sèlman, epi manm pèsonèl VAERS yo pa bay konsèy medikal.

6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj anrapò ak Vaksen

Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj anrapò ak Vaksen (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te pran chòk akòz sèten vaksen. Reklamasyon konsènan swadizan blesi oswa lanmò akòz vaksinasyon gen yon delè pou depoze yo, ki ka kout tankou dezan. Ale sou sitwèb VICP an nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lan ak pou depoze yon reklamasyon.

7. Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Mande founisè swen sante ou.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Ale sou sitwèb Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou jwenn avi ki vini ak vaksen yo ak enfòmasyon anplis nan www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC):
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.